

## SIJESYON SOU KI JAN POU EVITE ANPWAZÒNMAN

### Sere pwazon ak anpil prekosyon

- Sere medikaman ak pwodui pou netwaye kay nan yon kote ki klete, kote timoun pa kab wè oswa pa kab manyen yo.
- Sere pwazon nan sa pwazon an vini ladan lan.
- Sèvi ak bwat ak boutèy timoun pa kab ouvè. Pa blyie tout bagay kab yon danje pou timoun

### Pran prekosyon lè w ap sèvi ak pwazon

- Li etikèt la. Swiv esplikasyon ki make sou medikaman ak lòt pwodui w ap sèvi.
- Èske gen timoun pre w? Si yon moun frape pòt ou oswa telefòn ou sonnen, ale ak medikaman oswa ak pwodui ou gen sou lamen.
- Mete tout pwodui ak medikaman sou kle kou w fin sèvi avè yo.
- Èske sa w ap sèvi a se yon medikaman? Rele li medikaman, pa rele li sirèt.
- Timoun suiv sa lòt moun fè pou yo aprann. Pa kite timoun wè w ap pran medikaman w.

### Aprann timoun mande pèmisyón

- Pwazon ka sanble bagay pou manje oubyen pou bwè. Aprann timoun mande yon gran moun pèmisyón anvan yo manje oubyen anvan yo bwè nenpòt bagay.



Si ou panse yon moun pran nan pwazon rele Biwo ki okipe afè anpwazònman an tousuit -  
**1-800-222-1222.**

### PREMYE SWEN NAN KA ANPWAZÒNMAN

Èske moun nan dekonpoze oubyen li sispann respire?

- Rele **911** oubyen nimewo ijans nan zòn lakay ou tousuit..

Èske pwazon tonbe nan je yon moun?

- Rense je yo anba dlo wobinèt k ap koule pandan 15 a 20 minit.
- Rele **1-800-222-1222.**

Èske pwazon tonbe sou po yon moun?

- Retire tout rad pwazon tonbe sou yo.
- Rense po moun nan anba dlo wobinèt
- kap koule pandan 15 a 20 minit.
- Rele **1-800-222-1222.**

Èske pwazon antre nan nen w?

- Al kote ki gen lè fre tousuit.
- Rele **1-800-222-1222.**

Èske w bwè yon move medikaman oubyen twòp nan yon medikaman?

- Rele 1-800-222-1222.

Èske ou vale yon bagay ki pa fèt pou moun manje oubyen ki pa yon medikaman?

- Bwè enpe lèt oubyen enpe dlo tou piti.
- Rele 1-800-222-1222.



## BIWO KI TRETE MOUN KI PRAN PWAZON

Rele VIT pou fè trete yon ka anpwazònman!

Rele DAVANS pou anpeche yon ka anpwazònman!



© American Association of Poison Control Centers 2001

The printing of this brochure is supported by funds received through grant # H4BMC00013-04-00 awarded by the Department of Health and Human Services, Health Resources and Services Administration.




24 sou 24 • 7 jou pa semenn

# KI JAN BIWO KI OKIPE AFÈ ANPWAZÒN-MAN AN KA EDE W

Nan peyi Etazini, Biwo ki okipe afè anpwazònman an bay konsèy sou tretman moun kab fè tousuit pou ijans nan ka anpwazònman. Yo bay enfòmasyon tou sou pwazon ak jan pou moun evite anpwazònman, 24 sou 24, 7 jou pa semenn.

Pwazon ka fè ou malad - oubyen menm touye ou - si ou vale l, si w respire l, oubyen si l tonbe nan je ou oubyen tonbe sou po ou. Biwo ki okipe afé pwazon an ka ede w ak kesyon ou kab genyen sou:

- pwodui pou netwaye kay
  - pwodui chimik nan travay ou oubyen nan lè a
  - medikaman (w achte ak preskripsyon, w achte san preskripsyon, fèy, ki pa legal, oubyen medikaman pou bèt)
  - bèt ki mode w (koulèv, zarenjen, eskòpyon).




Si w bezwen konsèy ak tretman ki ka sove lavi w, sou nenpòt ki pwazon, rele **1-800-222-1222**. Yon enfimyè, yon famasyen oubyen yon doktè ki byen kalifye nan Biwo ki okipe afè anpwazònman an, ap ede w. Tout sèvis yo gratis epi yo konfidansyèl.

Sèvis Biwo pou moun ki pran pwazon, la pou ede moun ki soud ak moun ki pa pale angle tou.


Lè responsab lasante yo bezwen enfòmasyon sou ki jan pou yo trete ka anpwazònman, yo menm tou yo rele sant pwazon ki nan vwazinaj yo.

**1-800-222-1222**


# NOU EDE MOUN TOUT LAJ NAN TOUT SIKONSTANS



LÈ TIMOUN RIVE JWENN PWODWI POU NETWAYE KAY  
PWOFESYONÈL BIWO KI OKIPE AFÈ ANPWAZÖNMAN YO PA JANM TWÒ LWEN  
ANNIK TELEFONE YO, W AP JWENN YO TOUSUIT.



BIWO KI OKIPE AFÈ ANPWAZÒNMAN AN EDE GRANMOUN AJE AK MOUN TOUT LAJ LÈ YO PRAN SWA YON DÒZ DEPASE SWA MOVE MEDIKAMAN AN.



BIWO KI OKIPE AFÈ ANPWAZÒNMAN AN BAY KONSEY SOU FASON  
POU MOUN EVITE EPI TRETE KA KOTE YO TA AN KONTAK AK  
PWODWI CHIMIK NAN TRAVAY YO.


**1-800-222-1222**

## KI JAN OU KA EVITE ANPWAZÒNMAN LAKAY OU

Ou kab an danje lè w sèvi ak pwodui epi ak, medikaman w ap pran si ou sèvi avè, yo mal oswa si ou pran plis pase sa ou dwe pran oubyen si y al tonbe nan men moun ki pa ta dwe manyen yo.

Pwodui pou netwaye fou  
Pwodui pou debouche tiyo  
Bwason ki gen alkòl  
Pwodui pou netwaye mèb

Medikaman



**Ou gen kesyon? Tout kesyon sou afè pwazon  
se kesyon moun lespri.**

**Poze kesyon DAVANS pou evite anpwazònman!**

**1-800-222-1222**